

Avi pou desizyon Refi pou Pwogram Renonsyasyon an

Non pou renonsyasyon patisipan an

Adrès

Nimewo Idantifikasyon Kliyan (CIN):

Dat Avi a

Se pou enfòmè ou yo te **REFIZE** patisipasyon ou nan pwogram Renonsyasyon Medicaid ki Baze nan Kay ak nan Kominote 1915(c) pou moun avèk chòk twomatik nan sèvo.

Yo te **REFIZE** aplikasyon ou nan pwogram renonsyasyon pou chòk twomatik nan sèvo paske:

Sou rezèv 1915(c) Sant pou Medicare ak Medicaid apwouve demand renonsyasyon pou Medicaid apati 1 septanm 2017, Depatman Sante Eta New York (NYSDOH) mete sou pye yon Sistèm Evalyasyon ki Menm nan New York (Uniform Assessment System-New York, UAS-NY) pou etabli nivo swen ki bon pou yon etablisman swen (nursing facility level of care, NFLOC), yon egzijans pou sèvis renonsyasyon yo. Dapre Sistèm Evalyasyon ki menm nan New York (Uniform Assessment System-New York, UAS-NY) _____ yon enfimyè rekoni te konplete li te detèmine nan evalyasyon sa a ou p ap rive nan rezilta yo mande pou nivo swen yo (5 oswa plis). Evalyasyon sa endike yon rezilta ki _____.

Yon dezyèm evalyasyon te fèt _____ epi te endike yon rezilta _____ epi konfime rezilta premye evalyasyon an. Se poutèt sa, ou pa reponn ak egzijans sa a pou ou elijib pou renonsasyon an.

Ou ka mande yon odyans san patipri konsènan desizyon sa a: Ou ka mande tou yon espesyalis ki gen ekspètiz nan andikap ki gen rapò ak chòk twomatik nan sèvo epi/oswa yon egzamen pou defisi koyitif yon evalyasyon klinik, pou Sant pou Devlopman Resous Rejyonal (RRDC) egzamine. Si ou gen nenpòt kesyon konsènan desizyon sa a oswa ou ta renmen mande yon konferans pou ka a, tanpri kontakte Sant pou Devlopman Resous Rejyonal nan: _____.

Lwa ki pèmèt nou fè sa: Seksyon 1915(c) nan lwa sou Sekirite Sosyal ak Seksyon 2740, 2741, 2742 nan lwa sou Sante Piblik la.

Si ou pa dakò ak desizyon sa a, ou kapab mande yon konferans, yon odyans san patipri, oswa toulède. Tanpri li rès avi sa a pou konn kòman pou mande yon konferans epi/oswa yon odyans san patipri.

Espesyalis pou Devlopman Resous Rejyonal (Ekri ak lèt detache)

Siyati Espesyalis pou Devlopman Resous Rejyonal

Non Sant pou Devlopman Resous Rejyonal (RRDC)

Adrès

Telefòn

cc: Responsab Legal
Reprezantan otorize Kowòdonatè Sèvis
NYS (Eta New York) Depatman Sante (DOH)
Renonsyasyon pou chòk twomatik nan sèvo (TBI)

DWA POU ALE NAN YON KONFERANS: Ou gen dwa pou patisipe nan yon konferans avèk Espesyalis pou Devlopman Resous Rejyonal pou verifye aksyon sa yo. Si ou ta vle patisipe nan yon konferans, ou ta dwe mande youn (1) pi bonè ou kapab. Nan konferans lan, si Espesyalis pou Devlopman Resous Rejyonal dekouvri yo te pran move dezisyon an, oswa si, akòz enfòmasyon ou bay yo, Espesyalis pou Devlopman Resous Rejyonal la deside chanje dezisyon an, ap gen mezi ki ap pran pou korije li. Ou ap resevwa yon nouvo Avi sou Dezisyon an Pou mande yon konferans, rele Espesyalis pou Devlopman Resous Rejyonal nan nimewo telefòn ki nan premye paj avi sa a oswa depi ou voye yon demann alekri ban nou nan adrès ki endike nan premye paj avi sa a. **Sa pa fason pou mande yon odyans san patipri.** Si ou mande yon konferans, ou toujou gen dwa pou yon odyans san patipri. Li pi ba a pou enfòmasyon sou odyans san patipri.

DWA POU ALE NAN YON ODYANS SAN PATIPRI: Si ou panse dezisyon pi wo a pa kòrèk, ou ka mande yon odyans san patipri devan Eta a:

1. **Telefòn:** Ou ka rele nimewo telefòn gratis pou eta a nan 1-800-342-3334. (TANPRI METE AVI SA A TOUPRE OU NAN MOMAN OU AP RELE A) **OSWA**
2. **Faks:** Ranpli epi voye yon kopi avi sa a nan nimewo faks (518) 473-6735 **OSWA**
3. **Sou Entènèt:** Ranpli epi voye fòm pou demand anliy la nan: <https://www.otda.state.ny.us/oah/forms.asp> **OSWA** Si ou pa kapab jwenn Biwo Eta New York pou Èd Pwovizwa ak Èd pou Moun Andikape (New York State Office of Temporary and Disability Assistance) nan telefòn, nan faks, fas-a-fas oswa sou entènèt, tanpri ekri nou pou mande pou yon Odyans san Patipri anvan 60 jou apati dat avi sa a.
4. **Lapòs:** Voye yon kopi avi sa a ranpli, bay Seksyon pou Odyans Sans Patipri (Fair Hearing Section), Biwo Eta New York pou Èd Pwovizwa ak Èd pou Moun Andikape (New York State Office of Temporary and Disability Assistance), P.O. Box 1930, Albany, New York 12201. Tanpri kenbe yon kopi pou ou.
5. **Vil New York SÈLMAN:** Ou kapab ale tou nan Biwo Odyans Administratif (Office of Administrative Hearings), nan Biwo Asistans Tanporè ak Andikap, 14 Boerum Place, Brooklyn, New York oswa 330 West 34th Street, 3 zyèm. Etaj, NY, NY. Pote yon kopi avi sa a avèk ou.

OU GEN 60 JOU APATI DAT OU TE RESEVWA AVI SA A POU FÈ YON DEMAND ODYANS SAN PATIPRI.

Si ou mande yon odyans san patipri, Eta ap voye yon avi ba ou pou enfòmasyon ou sou kilè ak ki kote odyans la ap fèt. Ou gen dwa pou fè yon konseye jiridik reprezante ou, yon manm fanmi, yon zanmi oswa yon lòt moun, oswa reprezante tèt ou. Nan odyans lan, avoka ou a oswa lòt reprezantan ou a ap jwenn opòtinite pou prezante prèv ekri ak prèv vèbal pou montre pou kisa nou pa ta dwe pran dezisyon an, l ap jwenn opòtinite tou pou kesyone nenpòt moun ki prezante nan odyans lan. Epitou, ou gen dwa pou vini avèk temwen ki pou pale anfavè ou. Ou ta dwe pote nenpòt dokiman tankou avi sa a, souch chèk, resi, bòdwo medikal, bòdwo chofaj, verifikasyon medikal, lèt, elatriye ki kapab itil nan prezantasyon dosye ou.

Mwen vle yon odyans san patipri. Dezisyon sa pa bon paske: _____

Dat refi pou renonsasyon ou an te vin anplas

Non ou (Ekri ak lèt detache)

Siyati Ou

Adrès

Telefòn

Nimewo Idantifikasyon Kliyan (CIN):

Dat

ÈD JURIDIK: Si ou bezwen èd legal gratis, ou ka gen posiblite pou jwenn èd la depi ou kontakte Sosyete Èd Jiridik (Legal Aid Society) ou oswa lòt gwoup avoka. Ou ka chèche Sosyete Èd Jiridik oswa gwoup avoka ki pi pre ou pou fè sa ou ka tcheke nan paj jonn nan anyè ou nan ribrik "avoka."

AKSÈ NAN DOSYE AK KOPI DOKIMAN YO: Pou ede ou prepare ou pou odyans lan, ou gen dwa pou gade dosye ou yo. Si ou rele nou oswa si ou ekri Espesyalis pou Devlopman Resous Rejyonal, n ap voye ba ou kopi dokiman ki nan dosye ou yo pou gratis, epitou se dokiman sa yo n ap bay Ofisye Odyans lan nan Odyans san Patipri a. Epitou, si ou rele oswa ekri Espesyalis pou Devlopman Resous Rejyonal, n ap ba ou kopi lòt dokiman ki nan dosye ou panse ou ka bezwen pou prepare pou odyans ekritab ou a gratis. Pou mande dokiman yo oswa pou chèche konnen kijan pou w gade nan dosye w lan, rele oswa ekri nou nan nimewo telefòn Espesyalis pou Devlopman Resous Rejyonal oswa ekri nou nan adrès ki sou premye paj avi sa a. Si ou vle kopi dokiman ki nan dosye ou, ou dwe mande nan yon delè rezonab anvan dat odyan san patipri a. Nou ap voye dokiman yo pou ou pa lapòs sèlman si ou fè yon demann espesyal pou sa.

ENFÒMASYON: Si ou ta vle jwenn plis enfòmasyon sou dosye ou, sou fason pou mande yon odyans san patipri, sou fason pou wè dosye ou, oswa sou fason pou mande kopi siplemantè dokiman yo, tanpri rele oswa ekri Espesyalis pou Devlopman Resous Rejyonal nan nimewo telefòn oswa adrès ki ekri nan premye paj avi sa a.